

You may use the template below to notify parents/guardians of their student's participation in the Winter 2017 paper-based FSA EOC assessment administration(s). Please customize this letter, as applicable, by modifying the red fields and placing the letter on school or district letterhead prior to sending. You may also use this language to post to your school or district website or distribute to parents/guardians via email.

Chè Paran/Gadyen,

Bi lèt sa a se pou enfòme w elèv ou a pral pran sou papye Evalyasyon "End-of-Course (EOC)" (Fen Kou) (**Aljèb 1/Jewometri**) "Florida Standards Assessments (FSA)" (Evalyasyon Estanda Florid), kòm yon akomodasyon pou "Individual Education Plan (IEP)" (Plan Edikasyonèl Endivididyèl), nan dat [**administration day(s)/date(s)**]. Yo administre tout evalyasyon EOC FSA yo nan de (2) sesyon 90-minit sou de (2) jou, e elèv yo ka gen jiska mwatye tan nan yon jou lekòl regilye pou fini chak sesyon.

Si ou menm oubyen ptit ou a ta renmen vin abitye avèk kalite kesyon e fòma repons elèv ou a pral wè nan egzamen evalyasyon FSA a, egzamen pou fè pratik ak repons yo disponib nan <http://www.FSAssessments.org/students-and-families/practice-tests/paper-based-practice-test-materials/>.

Silvouplè revize règ k ap suiv yo avèk elèv ou a anvan egzamen an:

- **Aparèy Elektwonik**—Yo pa pèmèt elèv sèvi avèk okenn aparèy elektwonik, ki gen ladan, men ki pa limite a, telefòn pòtab, telefòn "smart", ak mont "smart", nan kèlkeswa moman pandan egzamen an **oubyen** pandan poz (egz. ale nan twalèt), **menmlè yo fèmen oubyen elèv pa itilize yo**. Si yo jwenn elèv ou a avèk yon aparèy elektwonik, y ap anile egzamen li a.
- **Kalkilatris**—Pou evalyasyon EOC yo, **elèv ka sèvi avèk kalkilatris pandan Sesyon 2 a sèlman**. Si elèv sèvi avèk kalkilatris yo gen nan men yo pandan Sesyon 1 an, y ap anile egzamen yo a. Pou plis enfòmasyon sou règ pou kalkilatris, wè dokiman [FSA Calculator and Reference Sheet Policies](#) ki sou Pòtal FSA a.
- **Akseptasyon Règleman Egzamen yo**—Tout egzamen FSA yo gen ladan yo yon Akseptasyon Règleman Egzamen ki di: "Mwen konprann règleman egzamen yo fèk li pou mwen yo. Si mwen pa suiv règleman sa yo, yo ka anile nòt mwen fè pou egzamen an." Anvan egzamen an, administratrè egzamen yo ap li règleman yo pou elèv yo, e elèv yo ap deklare yo konprann règleman egzamen yo nan siyen anba deklarasyon ki nan liv pou egzamen ak repons yo a.
- **Diske Kontni Egzamen an Aprè Egzamen**—Dènye pòsyon règleman egzamen yo li pou elèv anvan yo siyen Akseptasyon Règleman Egzamen anba yo di: "Akoz kontni tout egzamen atravè eta a sekirize, ou pa dwe diskite oubyen devwale detay konsènan tèks oubyen kesyon yo aprè egzamen an. Sa gen ladan kèlkeswa kalite komunikasyon elektwonik, tankou voye mesaj tèks, lèt elektwonik, oubyen poste sou Entènèt, pa egzanp, sou 'Facebook,' 'Twitter,' 'Snapchat,' oubyen 'Instagram.' Silvouplè asire w elèv ou a konprann "diskite" kontni egzamen yo gen ladan nenpòt kalite komunikasyon elektwonik, tankou voye mesaj tèks, lèt elektwonik, oubyen poste enfòmasyon sou 'blog' oubyen sit Entènèt medya sosyal yo, eks. **Pandan elèv pa dwe pataje enfòmasyon konsènan kontni egzamen ki sekirize aprè egzamen, règ sa a pa fèt pou anpeche elèv diskite eksperyans yo fè nan egzamen avèk paran/fanmi yo.**
- **Travay yon Fason ki Endepandan**— Elèv responsab pou travay poukонт yo pandan egzamen an e pou yo pwoteje repons yo pou lòt moun pa wè yo. Si yo jwenn elèv ap triche pandan egzamen, yo ap anile egzamen yo a. Anplis, "Florida Department of Education (FDOE)" (Depatman Edikasyon Florid) anplwaye "Caveon Test Security" (Sekirite Egzamen Caveon) pou analize rezulta egzamen elèv yo pou detekte modèl repons ki parèt etranj tèlman yo sanble. Yo ap anile egzamen elèv nan yon lekòl yo jwenn avèk modèl repons ki ekstrèmman sanble.
- **Kite Kanpous la**—Si elèv ou a kòmanse yon sesyon egzamen e li kite kanpous la anvan li fini li (pou repa midi, yon randevou, oubyen maladi, eks.), yo **pap** pèmèt li retounen nan sesyon egzamen an. Si elèv ou a pa santi l byen nan jou egzamen an, li ka pi bon pou l tann e pran egzamen an nan yon jou ratrapaj.
- **Akomodasyon pou Egzamen**— Silvouplè kontakte lekòl la pou diskite akomodasyon pou egzamen yo pral bay elèv ou a.

Si w gen nenpòt kesyon konsènan administrasyon egzamen sa a, ou ka kontakte [**School Contact**] nan [**Contact Information**]. Pou plis enfòmasyon sou pwogram evalyasyon FSA a, silvouplè vizite Pòtal FSA a nan www.FSAssessments.org.

Mèsi dèské w sipòte e ankouraje elèv ou a pou l fè maksimòm efò nan administrasyon egzamen sa a.

Sensèman,

[Principal's Name]